

République du Sénégal



Ministère de l'Éducation nationale

Wolof

Tànk-ndànk

Jéego 7 Téere 2

Édition 2019
Réimpression 2020



Avis de droit d'auteur : ©2016-2021 projet Sénégal Lecture Pour Tous pour l'Agence des États-Unis pour le développement international (USAID), contrat USAID n° AID-OAA-I-14-00055/AID-685-TO-16-00003, géré par Chemonics International. Tous droits réservés. Cette aide provient du peuple américain et est financée conjointement par l'USAID et le gouvernement du Sénégal.

Ce travail est disponible sous la licence Creative Commons Attribution 4.0 IGO licence (CC BY 4.0 IGO) <http://creativecommons.org/licenses/by/4.0/igo>. Sous cette licence, il est accordé le droit de copier, de distribuer, de diffuser et d'adapter ce travail y compris à des fins commerciales selon les conditions énoncées de la licence CC BY.

Li téere bi ëmb

Piipa ba 4

Jàmb-Jóob ak waa Njóobeen 16

Kaarànge kéew gi 27

Sàrt yi 39

Piipa ba



Benn bés la woon, am ab nappkat bu dëkkoon ak jabaram ca wetu géej ga. Ñu nga dëkkoon ca ab néegu ñax. Bés bu nekk dafa doon jël gaalaam gu rëy ga, dem géej. Kontaan na ba mu gisaatee **duusu** géej gi. Daan na bëgg itam, suy yëg naaj wi di laal xar-kanamam ak ngelaw liy fërarari ca kaw boppam. Yenn saa yi bu xoolee jant bi di so, dafay waaru ci Yàlla. Ni àdduna bi bindoo ak rafet gi mu rafet tamit, dafa ko yéem. Moo tax, toog na lu yàgg di xalaat rekk fàttee sànni mbaalaam ci biir géej gi. Benn bés ba géej ga nee tekk, mu sànni ca mbaalaam. Ndox maa ngi leer nàññ. Ba mu noppee, ca la sant Yàlla, ndax na bés ba neexe ca moom. Ba muy xëcc mbaal ma, sonnoon na lool, ndax na mu diise. Waaye teewul ma ngay xëcc di xëcc rekk ; mujj gi muy àppaat.



Mu def ci dooleem jépp. Di xëcc rekk. Mu yaakaar ne jàpp na ay jën yu bari. Waaye gisul ca biir mbaal ma lu dul benn piipa bu rëy ameder bu rafet ni wurus. Mu bett ko lool, ba mu déggee piipa ba di wax ak moom yor baatu nit. Mu ne ko : « Nappkat bu ndaw bi, maa ngi lay ñaan nga bàyyi ma, ma dellu ci biir géeej gi. Bàyyi ma, ma dem, ma jox la lépp loo bëgg. » Nappkat bi jël ko ndànk. Delloo ko ca biir géeej ga. Ba nappkat ba eggee këram, mu nettali jabaram la mu dund. Jabaram mer ba futt, ne ko : « Lu mu néew-néew, waroon nga ko laaj mburu ! Ay fan yu baree ngii amunu mburu. Dellul gisi piipa ba, ne ko mburu mu bees laa bëgg. »



Nappkat bi delluwaat ca béreb ba mu bàyyee woon piipa ba. Foofu amoon na ngelaw lu xaw a sedd. Amoon na itam duus yu doon dal ca gaal ga. Ca saa sa, nappkat bi tàmbalee woo piipa ba. Mu ne ko :
« Piipa bu rafet bi ! Piipa bu rafet bi ! Ñëwal fekksi ma fii. Sama jabar a ma yónni. » Piipa ba génne bopp ba laaj ko : « Lu mu bëgg ? » Nappkat bi ne ko : « Dafa xalaat ne, bi ma la jàppee ci mbaal mi dama la waroon a laaj mburu. Dafa bëggoon nga ñaanal nu, nu am mburu. » Piipa ba ne ko : « Demal ñibbi, te xam ne, li mu doon ñaan am na ko. »



Ba mu yeggee ca këram, mu ngi fekk jabaram di tegale ay miisu mburu. Rax-ci-dolli, ci seen biir néeg, ci ab ruq, ay saaku fariñ yu baree, nga fa. Jabaram ne ko : « Gis nga, sa delluwaat gisi piipa bi, ni mu baaxe ci nun. » Waaye ci diiru benn weer, jabaru nappkat ba tàmbali di xultu. Ca la waxati jëkkëram ne ko : « Danga koo waroon a wax mu ñaanal la nga am kër. Xoolal néegu ñax bu bon bii nu nekk, dëgërul sax. Ca dëgg-dëgg, li nu soxla mooy kër gu rafet, dellul gisi piipa ba. Wax ko mu ñaanal nu, nu am kër gu rafet. »

Nappkat bi delluwaat, ca béreb ba mu bàyyee woon piipa ba mu dellu ca géej ga. Jant bi dem lu sori, di feeñ ci ginnaaw niir yi. Ngelaw li xaw a yëngal gaal gi. Ca saa sa, nappkat ba tàmbalee woo piipa ba.



Mu ne ko : « Piipa bu rafet bi! Piipa bu rafet bi! Ñëwal, fekkisi ma, fii. Sama jabar a ma yónni. »

Piipa ba génne bopp ba laaj ko : « Lu mu bëgg ? » Nappkat ba ne ko : « Dafa bëggoon nga ñaanal nu, nu am kër. Sunu néegu ñax bi dafa màggat.» Piipa ba ne ko : « Demal ñibbi, te xam ne, li mu doon ñaan am na ko. » Bi mu eggee këram, mu ngi fekk jabaram sol robb bu bees. Mu ngi taxaw ci bunt kër gu rëy gu ñu tabax. Ca ginnaaw kër ga am na benn tóokër. Ca ginnaaw tóokër ba, am na ab pulaaye.



Jabaram ne ko : « Gis nga, sa delluwaat ca Piipa, ni mu baaxe ci nun. » Waaye ci diiru ñaari ayu-bés, jabaru nappkat ba tàmbali di xultuwaat. Ca la ko ne : « Kër gii dafa tuuti lool. Li nu soxla mooy kër gu taaru. Dellul gisi piipa ba. Wax ko mu ñaanal nu, nu am kër gu taaru. » Jabar ja sonal ko lool, ne ko : « Jógal dem géej. » Nappkat ba delluwaat ca béreb ba mu bàyyee woon piipa ba mu dellu ca géej ga. Ngelaw laa nga bari te am doole. Dafa mujj di baaje gaal ga sax. Nappkat ba jaaxle,tiit, xaw a mere jabaram. Mu ne ci xelam lii lépp moo ma ko teg.



Ak xol bu jeex, nappkat bi woo piipa ba. Mu ne ko : « Piipa bu rafet bi ! Piipa bu rafet bi ! Ñëwal, fekkisi ma fii. Sama jabar a ma yónni. » Piipa ba génne bopp ba ca ndox ma, laaj ko : « Lu mu bëgg leegi ? » Nappkat ba ne ko : « Kër gu taaru la bëgg. Sunu kër gi dafa tuuti lool. » Piipa ba, ne ko : « Demal ñibbi, te xam ne, li mu doon ñaan, am na ko. » Bi mu eggee këram, ma nga fekk jabaram sol robb bu rafet. Ba noppi, mu ngi taxaw ca diggu ëttu kër gu taaru ga. Ay fukki fukki dunguru, ña ngay jaabante ca biir kër ga, jóge ca wet gu nekk.

Jabaram ne ko : « Gis nga, sa delluwaat ca Piipa ba, ni mu baaxe ci nun. » Waaye ci diiru benn ayu-bés, jigeen ji fekk jëkkëram di nelaw, mu gësëm ko, yee ko. Ci la ko nee : « Fàww nu nekk buuru dëkk bii. »




Waaye nappkat bi ne ko : « Man bëgguma nekk buur. » Soxna si tontu ne : « Man de dinaa nekki buur. Demal wax ko leegi, leegi, ni man dama bëgg jiite dëkk bi. » Nappkat bi delluwaat ca géej ga. Kanamam gaa nga lewet, xol ba diis. Ba mu eggee, asamaan saa nga xiin ba ñuul, di dënnu. Ci ay yoon i yoon, duus yi xaw nañu këpp gaal ga. Ci diir bu gàtt rekk, nappkat ba ne : « Piipa bu rafet bi ! Piipa bu rafet bi ! Ñëwal, fekksi ma fii. Sama jabar a ma yónni. » Piipa ba génne bopp ba ca ndox ma, ne ko : « Lu mu bëggaat ? »



Nappkat ba, ne ko : « Dafa bëgg nekk buur. Dafa bëgg, dëkk bi yépp di wéy ci ay ndigalam. » Piipa ba ne ko : « Demal ñibbi, te xam ne, li mu bëgg temm, ci saa si, am na ko. » Ba nappkat ba eggee këram, ma nga gis kër gu taaru lool. Lu tollu ci junniy soldaar ñu ngi koy aar. Mu ngi séen jabaram nekk ca biir, toog ca genn gàngunaay gu rëy. Ca bopp ba, am na ag kaalag ndam gu wurus gu ñu tapp jamaa. Mu ngi sol robb bu taaru, am ay per yu sew ca kaw. Ba ko jabaram gisee, ne ko : « Gis nga, nga dellu gisiwaat Piipa bi, ni mu baaxe ci nun. Waaye ca guddi googa, jabaru nappkat ba, ma nga tëdd ca lal bu rëy. Ca lal ba, ña nga ca lal mbàjj mu diis te nooy waaye jabaram mënul woon nelaw. Mu ngi xalaat lan la war a mën a amaat ca Piipa ba. Mu jekki-jekki wax : « Waaw, bi ma béggee nelaw rekk la jant bi fenk, te joxuma ko ndigal ngir mu fenk. Dawal gisali ma Piipa bi. »



Ca noona mu ne jëkëram : « Demal leegi, leegi wax ak piipa ba. Ne ko jox naa ndigal jant bi, weer wi, ak biddiw yi ñu wéy ci samay waaw. »
Ci la jox ndigal soldaaram yi, ñu génne nappkat bi ci biti. Mu ànd ak njàqare ak tiis, génn dem ca géej ga. Ba mu eggee, ngelaw lu mettee metti dab ko ci géej gi. Duus yi di yëngal gaal ga, ba mënatu koo dawal bu baax. Ci ay yoon i yoon, mu ngi góor-góorlu, def ci dooleem jépp ngir jàmmaarloo ak ngelaw li. Waaye mujj gi, baatam dafa dee. Ci la woowee Piipa ba, ne ko : « Piipa bu rafet bi ! Piipa bu rafet bi ! Ñëwal, fekksi ma fii. Sama jabar a ma yónni. » Piipa ba génne bopp ba ca ndox ma. Ba noppi laaj ko : « Lan la war a bëggati ? »




Nappkat bi ne ko : « Dafa bëgg yilif àdduna bi. » Piipa ba tontu ko, ne : « Kenn mënul a defal sa jabar jooju li mu bëgg ba fàww. Kon nag, yaw nappkat bi, maa ngi dem ba fàww. Man ak yaw dunu gisanteeti ba fàww. » Bi nappkat bi eggee këram, fekkatu fa kër gu taaru ga. Li mu fa fekk mooy néegu ñax ba mu jëkkoon a am, te dafa gën a yàqu. Mu ngi fekk jabaram mu sol ab sagaru robb bu ñu **dabb-daaxe**. Nappkat bi ne ko : « Bul jooy. Déedeet, du bi nga nekkul woon buur, ci la sa dund gënoon a neex. Dund bi gën a neex mooy, doylu dund ci li nga am. Boo amul li nga bëgg, dangay jàpp ci li nga am. » Ginnaaw bi mu waxee loolu jabaram ba noppi, ca la dellu ca géej ga. Ba mu eggee ca géej ga, napp na li ñu war a dunde ca bés ba.

Laaj yi

- 1 Bi nappkat ba sànnée mbaalaam ca gééj ga, lan la jàppoon ?
- 2 Ndax Piipa ba mën naa maye lépp lu mu bëgg a maye ?
- 3 Lu tax jabaru nappkat bi, di yónni jëkkëram ay yoon i yoon ca piipa ba ?
- 4 Lu tax nappkat bi wax ne : « Boo amul li nga bëgg, dangay jàpp ci li nga am ? »

Jàmb-Jóob ak waa Njóobeen



Mas na am, ci réew mu sori, ab dëkk bu ñuy woowe Njóobeen. Ndëkk su ndaw la woon, nekk ci wetu àll bu yaa te bari ay garab. Ca booba àll, amoon na fa ag garab gu mag a mag gu nekkoon dëkkuwaayu ab jàmb-jóob ju yéeme. Ñu nga ko daan woowe Naawaakon. Rafetaayam amul woon fu mu yem ! Amoon na ay dung ci melo wu nekk : « Baxa, xonq, mboq, nètëx, wert, sokolaa, ñuul, weex, yolet, soraas, ańs. » Bu firee laaf ya, dina am dayoob ñaar-fukki meetar. Sàll wa dafa réyoon te ñaw ne paaka. Bët ya dañu doon lerax-leraxi, mel ne luy tàkk. Tàggam ma rëyoon na ba fees kow garab gépp. Su xaacuwaan dañu ko daan dégg ba fukki kilomeetar.

Waa dëkk ba tàmmaloon nañu picc ma di ko yóbbul ayu-bés bu nekk, xeeti lekk yu bari. Bu ñu daan dem di yóbbu lekk ga, dañu daan woy ak a kañ picc ma.

Su Naawaakon lekkaan ba suur, dafa daan pët-pëti, tàllal laaf ya, sab sab wu réy. Bu dee ci jamanoy nawet, buy daaneel sab wa rekk, taw ba tàmbali.



Bernde ya waa dëkk ba tàmmaloon Naawaakon, masul woon dakk. Noonu lañu doon baawunaane at mu taw bi yeexee wàcc. Daanaka dëkk ba masul bekkoor. At mu ne, seen i sàq dafa daan fees dell ak xeeti mbeyeef yépp. Xamuñu woon xiif, lu nekk dafa ni woon gàññ. Waaye menn at, fuuyte jàpp waa Njóobeen, ñu tàmbalee soofantal Naawaakon, di tëbal bés yi ñu koy yóbbul ñam wa. Mujj gi, ñu bàyyi koo leel. Picc ma tonku, xiif jàpp ko mu mer lool di sab, sab wu raglu. Sabel, doomu boroom dëkk ba ne baayam : « Baay, noo ngi fàtte Naawaakon de, lu nu dal rekk nun la ! »

Baay ba tontu ko ne ko : « Sabel, may nu sunu jàmm ! »

Li nu war a dunde, dunu ko jox picc mu bon mii ! « Sabel jëlaat kàddu ne ko : « Baay lii ngeen def lu mu yàgg yàgg dingeen ko réccu ! »

Yaayu Sabel dugg ca wax ja ne : « Nijaay wax nga dëgg, Naawaakon, li nu ko tàmmaloon mënul wéy ! »

Ba Sabel xamee ni waa Njóobeen dogu nañu ci won ginnaaw picc mi, xol ba jeex, muy jooy.



At ma ca topp, ba nawet ba jegesee, waa dëkk ba waajal seen i tool, ruuj, lakk ñax mu wow ma. Ñépp faru dugub di xaar mu taw. Ngoon gu nekk, ñu téen di xool asamaan si ndax xiin na. Waaye mu mel ne ci noor lañu nekk. Bekkoor bu metti dugg; maral wi tar lool, déeg yépp ñiis, teen yépp déy.

Ba sàq ya tàmbalee rës, waa dëkk ba gën a jaaxle, xam ne leegi xiif gi tàmbali.

Ba maral wa gënee tar, Sabel dem ca baay ba ne ko : « Baay, lii lépp waxoon naa leen ko. Nawaakon mi ngeen berndeelul moo tax tawatul. Nit dafa war a sàmm kóllëre ! » Baay ba xamul lu mu koy tontu. Yaayam dégg seen wax ja, ñëw ne ko : « Waane nga lool. Taw bi leegi tey mu ñëw ! Nawet bee xaw a tuxu rekk ! »

Ba guddi ga jotee, Sabel tëdd di nelaw Naawaakon feeñu ko ne ko : « Sabel, Sabel, damaa xiif ! » Sabel tiit, yeewu ci gént gi di lox. Ba mu fàttalikoo li mu gént, mu dogu ne bu subaa dina dem seeti Naawaakon. Li des ci guddi gi yépp nelawul, moo ngi yàkkamti njël jot.



Suba teel la Sabel jóg wutali àll ba. Ma nga yor mbuus mu fees dell ak dugub ak ñebbe boole ci tax bu fees dell ak meew. Ba muy dox ba ci yàgg, mu dégg luy yëngu ci ginnaawam. Mu geestu, yem ci rakkam Silaat. Mu ne ko : « Yaw foo jëm ? » Silaat tontu ko ne ko : « Dama laa bëgg a gunge ca kër Naawaakon. Lépp loo mas a wax ak sunuy wayjur, maa ngi ko doon dégg. Li nga doon wax lépp, dëgg la. Rafetlu naa lool sa taxawaay. Leel Naawaakon moo di li nu mën a muccal ci bekkoor ak xiif. » Mag ji rafetlu waxi rakk ji ne ko nangu na ànd ak moom.

Ba ñu doxee ab diir, ñu egg ca suufu garab ga. Naka la picc ma séen xale yi rekk, ne fët-fët ne cëpp ci kanamu xale yi. Sabel tegal ko ñam wa, ca kanamam.



Naawaakon a ngay xool ñam wa ko xale ya indil.


Ba mu ko wëree ñetti yoon, mu ne fërr dellu tag ca garab ga. Dafa mel ne dafa gedd ñam wi. Ca noonu mu sab rekk, Sabel tàmbalee dégg li muy wax. Ngone su jigeen si waaru, xam ne am na lu picc mi def ci moom.

Naawaakon a nga naan ko : « Sabel, gune gu baax nga, waaye li nga ma indil mënuma koo lekk . » Sabel ne ko : « Naawaakon, sama xarit, lu tax nga gedd ñam wi ? »

Picc mi tontu ko ne ko : « Danga koo jële ci sa sàqum baay te yëgu ko. Kon lewul te bëggumaa lekk lu lewul. »

Sabel ne ko : « Wax nga dëgg ! Leegi lu ciy pexe ? »

Picc mi ne ko: « Dangay dem ca sa baay wax ak moom ba mu nangu nga ñëwaat. » Silaat laaj mag ji li muy wax ak picc mi. Ba ko ko mag ja gaaralee. Mu ne ko : « Loolu du yomb ndax sama baay dafa dogu ci li mu wax ci picc mi. » Sabel ne ko : « Xanaa nu jéem a waxtaanaat ak moom walla nu ñaan nijaay Boydo. »



Xale yaa nga fekk seen Nijaay muy ratt ay béyam waaye daanaka këll ba dara nekku ci ci meew. Béy ya ràgg nañu te bareetuñu noonu. Ba xale yi nuyoontee ak moom ba noppi, Sabel wax ko fi mu jaar ak wayjuram ya ak picc mi. Ba mu noppee, nijaay ja ne ko : « Nijaay mooy yaay ju góor, warul seetaan jarbaatam ci dara. Lii ngay dox gëm naa ne men na jële dëkk bi ci guuté gi mu nekk. Demal sa umpaañ Raki jox la li nga soxla ci pepp ak sëb. Soo noppee nga ñëw fekk meew mi gën a bari ma duyal la ci ab tax. »

Ba lañu doon wut lépp yembee, xale ya gërëm seen nijaay ak seen umpaañ. Ba ñu tàggoo ba noppi, ñu dëgmal àll ba.

Ba ñu delloo, fekk nañu Naawaakon di leen xaar ca suufu garab ga. Sabel ne ko : « Naawaakoon sama xarit, ñëwati naa. Lekk gi ma la indil, ca sunu nijaay lañu ko jëlee. Moo ñu ko may ne nu, nanu la ko indil. Silaat sama rakk doy na ci seede. »

Naawaakon ne Sabel xam na lépp. Ca noona, mu laaj Sabel lekk gi tàmbalee xéewlu.



Ba mu lekkee ab diir, mu yékkati bopp ba xool Sabel lu yàgg. Mu teg ca ne ko : « Jërëjëf, bu dul woon ak yow, xéyna ma dee ak xiif. Waaye, waa Njóobeen it dinañu sonn kon. »

Li xale yi xamul woon moo di seen baay jël na fettam wutsi béreb ba. Ba muy egsi, fekk na Naawaakon di daaneel waxam ak Sabel. Góor ga diir ko ak fett ga, Sabel ak Silaat dox diggante seen baay ak picc mi. Seen baay ne leen : « Danduleen walla ma sànni fett gi ! « Sabel ne ko : « Baay, foog naa ne dellu ginnaaw jot na ! Xel puso bu réer la ; xale dina ko for , mag dina ko for ! »

Baay ba ne tekk ba mu yàgg, mu bàyyi fett ga mu rot. Ca noona, picc ma ne fërr naaw tag ca kow garab ga.



Ca fa mu nekk ca kaw garab ga, Naawaakon sab, wax ak Sabel. Moo nga naan ko : « Sabel, Sabel, sama séddoo. Sa taxawaay rafet na. Jàppal ne bés niki tey, taw bi dina dellusi. Ku bëgg a bey, na nga waajal sab tool. Ndox mi dina bari nag, waaye du yàq dara. Fasante naa it kóllère ak yaw ! »

Xale ya ñibbi ak seen wayjur ci xel mu dal ak xol bu sedd. Naka ñu yegg ca dëkk ba rekk baayu Sabel woote am ndaje. Góor, jigeen, mag ak ndaw, ñépp ñëw wuyusi ko mu ne leen : « Yaakaar naa ne sunu coono leegi mu jeex. Dafa mel ne li waraloon maral wi xam nanu ko man ak samay doom. Naawaakon dafa meroon lool ci nun. Waaye gindiku nanu ba dig nanu ndoxum taw mu bari mu bàrkeel. Ku ci nekk ci nun, na waajal te xam ne mbey mi leegi mu dooraat. »

Ginnaaw daaneelam, Soxna jël kàddu ne ko : « Nijaay Bilo, gërëm nanu la lool yow ak sama sang Sabel. »



Bésu àjjuma boobu, ngelaw laa yee waa dëkk ba. Ay callweer yu bari ñëw wër dëkk bi. Waaye lañuy am doole yépp, yàquñu dara. Ba ngelaw la dalee tuuti, taw ba door. Kenn mënul a wax ndox ma nu mu baree. Tool yépp tooy nañu, teen yi fees ba rembat, déeg yi fees dell. Ngooxi-ngoox ja jolli na, mbott yi mel ne ñuy feetu.

Ba taw ba wàññeekoo tuuti, xale ya génn ca mbedd ya di sangu. Foo toll di dégg seen yuuxu ya. Sabel ak Silaat a nga seen néegu yaay di waxtaan. Rakk ja ne mag ji : « Naawaakon de naxu nu. » Sabel tontu ku ne ko : « Masuma cee am sikki-sàkka. Xamoon naa ne sama xarit bi dina nu ñaanal ba mu taw. » Seen yaay feelu leen ne : « Ca dëgg-dëgg, balaa ngay xam, xamadi xaw laa ray. »



Ayu-bés lañu ca teg, àll ba mel ne lu ñu lal ab tàppi bu wert ! Fu say bët jublu, nga gis tool yi rafet lool. Àll bi naat lool, xolu beykat yépp sedd. Xeetu mbey yépp a nangu : dugub, sëb, xaal, mboq, bisaab, pulloox, añs.

Sabel ne fàww mu dem delloo njukkal Naawaakon ci ñaan yi mu leen ñaanal ba taw bi dellusi.

Ba muy jubsì garab ga, xelam xaw a ñaaw ndax dafa mel ne tàgg ma dafa wëyyën. Gisu fa luy niroo ak Naawaakon. Fit waa ngay tēf-tēfi. Nees tuuti, mu dégg ag kàddu gu ko naan ko : « Sabel, sama Sabel, xam naa ne dinaa la wéetal waaye, dafa jotoon ma dellu fa ma jóge woon. Waaye, jàppal ne duma jóg ci di la ñaanal. Nit ñi war nañu xam ne kéew gi (suuf si, garab yi, mala yi, añs) dañu koo war a aar. Lu ko moy, bekkoor ak xiif dina bari ci kow suuf. » Sabel xool ci wet gu nekk, gisul Naawaakon. Ràngooñam ya tàmbalee rot, mu xam ne ñàkk na ab xarit. Waaye mu jàpp ne bàyyi na ko ak kàddu gu mu dul fàtte ba mukk.

Laaj yi

- 1 Kan mooy nit ki gën a fés ci nettali bi ?
- 2 Man malaa gën a fés ci nettali bi ?
- 3 Ñàkk a leel Naawaakon, lu mu jural waa dëkk bi ?
- 4 Nu baayu Sabel tudd ?
- 5 Lu Naawaakon bàyyee ak Sabel ba muy dem ?

Kaarànge kéew gi



Kaarànge kéew gi



Gàncax gi ci àll bi bokk na ci dundub jur gi. Su gàncax jàppandiwal ci sàmmkat yi, yokkute g càm m dina metti ci Senegaal ak yeneen réew yi ko féete bëj-gànnàar. Àll bi lu am solo la. Ci la sàmmkat yiy dundal seen jur gi. Sàmmkat yooyu, seen alal a ngi wékku ci càm m ndax moo leen di indil naatànge. Ngir am yokkute ci gox-goxaan yi ak Nguur gi, war nanoo xeex luy néewal doole càm m gi.

Ci li gën a waral ñàkkum gàncax ci réew yi féete bëj-gànnàar, bokk na ci daay yi ñuy taal. Bekkoor bu bari te tegaloo ak daay yi, bokk na ci li gën a gaaw a yàq àll bi.

Saa su nawet jeexee, gàncax gi dafay naat te bari. Wànte du jur rekk mbégte. Gàncax gu bari itam, dafay tax ba daay yu yaatu yi gën a bari. Lakk bi ñuy lakk garab yi, ci la daay yi di soqikoo. Lakk boobu, soo ko boolee ak ngelaw li dafay yokk daay. Soo ci dollee tàngoor wu bari wi, daay dafay yomb a tàkk ndax dañu koy upp ba mu yànj. Lu lawal daay yi dafay gaaw, rawatina su ñu tolloo ci jamanoy ngelaw ak àll bu wow bi.



Ñaawteef yi mën a jóge ci daay, tax na ba ñu war koo xeex. Moo tax war nanoo jël ay matuwaay. Bokk na ci matuwaay yooyu, yeete, ñaax askan wi ci ni muy jëfandikoo safara ci àll bi su noor jotee.

Su nu naree taal, nanu xaar jamono ju ngelaw liy néew te xaw a sedd, ànd ci ak ñiy wattu àll bi. Su ñuy taal, na nekk fu sori garab yi ak lépp lu gaaw a tàkk. Li ñuy taal warul a bari ndax loolooy tax ñu mën a moytu xal yu mën a taal yeneen daay.

Soo taale ci àll bi, danga ko war a fey ak ndox walla suuf su bari bala nga fay jóge. Kenn warul a sànni ndesitu sigaret bu feyul. War nanoo xotti ay xàll yuy feg safara. Ginnaaw xàll yooyu, war nanu jëmbët ay garab ci yenn béreb yi garab yi tàmbali di wàññeeke. Ngorum garab yi itam, lu ñu war a seetaat la. Fu garab bariwul, ñax ma dëll, ngelaw lay upp, tàngaay wa ni jérr, daay dafay yomb. Wattukati àll bi itam, ñu gën leen a wutal ay jumtukaay. Su boobaa, su daay tàkkee, dinañu ko mën a gën a xeex.

Ci tënk, nanu jàpp ni, li gën a yomb ci xeex daay, mooy bañ koo taal.



Daay, lu nu war a moytu la. Dafay yàq kéew gi te lu bari ci sunu dund ci lay jóge. Looloo tax nu war a aar kéew gi.

Jamano jii, aar kéew gi lu nu war la ndax sunu njariñ fa lay jóge. Yokkute gu sax, kenn werantewul ni mu ngi soqikoo ci lëkkaloo njariñ yi ak kéew gi. Jàngat boobu, ñu ngi ko amal bi ñu dundee musiba yu bari. Bekkoor bi, àll bu yàqu bi, suuf su yàqu si ak lorànge yi muy jur, bokk nañu ci liy yàq kéew gi. Wàññeekub tool yi nu mën a bey, bokk na ci liy yàq kéew gi.

Jamonoy tey, mēnuñoo suqaliku ak kéew gu yàqu. Lu ñépp xamoon la. Li am solo ci sunu koom, ci kéew gi lay jóge. Sunu dundin mu ngi aju ci njariñ lay génne ci kéew gi.

Ci am ndaje mu mag la Senegaal jël pas-pas ci aar kéew gi. Ci wàllu doxalin ci biir réew mi, Nguur gi tëral na ay pexe yu Ministeer bi ñu dénk kéew gi war a doxal. Ministeer boobu, mooy saytu matuwaay yiy xeex ngir ñu sàmmoonte ak aar kéew gi. Jëwriñ ji yore kéew gi, wone na farlu ngir ñu gën a dëgëral aarinu kéew gi.



Sunu réew, di Senegaal jël na ay matuwaay yu am solo. Waaye, terewul mu am ay jafe-jafe yu bari ci wàllu kéew gi. Loolu tamit, déggoo na ci ak réewi bëj-gànnar. Jafe-jafe yooyu, ràññee nañu ci ñett yu ñu war a saafaara ngir aar sunu kéew. Bi ci jëkk, mooy xeetu saxaar su bon si, tilim ak li mu mën a jur. Ñaareelu jafe-jafe bi mooy mbalit mi ñuy sotti ak ndox mu tilim mi. Ñetteelu jafe-jafe bi moo di suuf su dee si ak tefes gu yàqu gi.

Jafe-jafe yooyu yépp, li ko indi, bokk na ci ni dëkku taax yi di yokkoo. Dafa mel ni amul caytu ga ca war. Mën nañu cee lim : nooraan gi, nit ñu bari ñi, sañcaan yi, oto yu bari yi ak xataayu yoon yi. Bokk na ci itam, isin yu bari yi, mbalit mu bari mi ak ñàkk bérebi tuurukaayu mbalit yu doy.

Loolu lépp, dafay am lu muy yàq ci kéew gi. Dafay jur musiba yu mel ni coow luy tanqale, jaww ju yàqu, jàngoroy xëtër.

Mbeex mi itam, dafay gën di yàqu ndax tooke yi ñu ciy xëpp. Bokk na ca : xeeti ndox yi jóge ci isin yi, ci petorol bi, weñ yu yàqu ak ndox yu tilim yi.




Liy yàq kéew gi ci Senegaal yemul foofu rekk. Taw biy wàññee ku itam ci la boka. Niki yeneen i réewi bëj-gànnaar yi, taw bi wàññee ku na bu baax ci réew mi. Loolu boka na ci li gën a waral ñàkkum garab ci Senegaal. Rax-ci-dolli, taw bi ñëwatul fi ñu ko daan xaare. Moo tax bekkoo biy faral di dem ak a ñëwaat, ba jur sax jafe-jafe ci mbey mi. Diwaan yi bekkoo bi gën a laal ñooy yi féete ca bëj-gànnaaru réew mi, leeru dexe Senegaal ak ci Ferlo bi. Ci diwaan yooyu, mbey mi dafa sooxe. Gàncax gi itam dafay wàññee ku bu taw bi néewee. Loolu dafay feeñ bu baax ci lekku jur gi. Dundu jur gi, bu baaxul, jur gi dafay gën a néew. Moo tax bekkoo di yàq kéew gi, néewal doole askan wi ak jur gi. Du rekk ci dund gi ak koom gi lay feeñ. Dina feeñ it ci nit ñi, ndax boka na ci liy indi nooraan mi. Nit ñu bari ci diwaani kaw gi, dañuy dem ci teeru yu mel ni Ndakaaru.



Ngir saafara jafe-jafe yi dal ci kéew gi, Senegaal tëral nay pexe ngir aar meññeefi mbey mi. Pexe yooyu, Senegaal dafa ciy ànd ak yeneen réew yi ci wetu dexu Senegaal.

Looloo tax, baaraasu Jama ci Senegaal ak bu Manantali ca Mali, bokk ci luy suqali mbeyum noor mi. Saafara jafe-jafe yooyu, moo tax ñu taxawal baaraas yu ndaw ca Kaasamaas. Mën nañu ci dolli itam, di soppi xeeti mbey mi wékku ci taw bi. Loolu dina tax ñu suqali mbeyum dugub, ceeb ak mbeyum dër. Su ñu ko defee, dina wàññi wékku ci mbeyum gerte donj. Ñu fàtteliku ni mbeyum gerte moomu, ci nooteel la fi dugge. Mbeyum gerte rekk dafay yàq suuf si. Ngir aar suuf si ci loolu, war nañu wut ay pexe. Bokk na ca pexe yooyu, wut tos. Tos, mën na nekk àngare walla neferey jur. Mën nañu awante li ñuy bey ci suuf si mel ni dugub ak gerte. Bokk na ci luy suuxat suuf, nēbal ñax, tasaare ko ci. Di noppal suuf si itam, dina tax mu dundaat.



Njariñ yiy génne ci kéew gi, mooy tax yokkute mën a am. Meññeef yooyu, ci la sunu dund di jóge. Moonte de, meññeef yooyu, mu ngi tàmbaliy néew ci yenn réew yi. Ngir wàññi jafe-jafe yu bari yooyu, Senegaal jël na ay matuwaay ngir aar juroom-benni pàrk ci réew mi. Pàrk yooyu, bokk nañu ci moomeelu àdduna wërngal këpp.

Ci juroom-benni pàrk yooyu bokk na ca Ñokolo-kobaa, fare ci diggante diwaanu Tàmbaakundaa, bu Keedugu ak bu Koldaa. Beneen pàrk baa nga nekk ca dun ya ca géeku Saalum, bokk ci Siin ak Saalum. Am na benn bu nekk ca Kaasamaas. Pàrk bu picc ya ca Juj, féete bëj-gànnaru penkub diwaanu Ndar. Ca diwaanu Ndakaaru, am na dun bu ñu duppee Matleen, féete ca sowu Ndakaaru, ci biir géeku Atlantig. Am na itam ca Ndakaaru, pàrk Aan, nekk ci kominu Aan.

Am na yeneen ñaay yu ñuy aar, te soqikoo ci kéew gi. Bërëb yooyu dafay tax ñu dénc fa yenn meññeefi kéew gi ba duñu far.

Bokk na ca ñaayu Kalisaay ca Biñoona, ba ca Ferlo ak ba ca Gëmbël, bokk ci goxu Raw ca Ndar. Am na beneen ca Kominu Popangin, ca diwaanu Kees.



Ci at yii nu weesu, jafe-jafe yi ci kéew gi dafay gën a tar ci taax yi ak ci kaw gi.

Ci taax yi, xeeti tilimaayu kéew gi dafay gën a bari rekk. Bokk nañu ci coow lu tar li ak saxar su tilim si ci jaww ji. Ci dëkki kaw yi, ngorum garab yi ak suuf si yàqu si mooy gaañ meññeefu mbey mi.

Ñaari jafe-jafe yooyu musiba la ci askan wi ak Nguur gi.

Tilim-tilim yooyu, indi na ay jafe-jafe ci koom ak ci géej gi. Loolu indi na rëq-rëq ci napp gi. Tilim-tilim yooyu itam, dafay indil askan wi feebar yu metti. Mbey mi moom, amul meññeef ndax suuf su amatul doole si. Loràngé jooju, kenn mënul xayma dayoom.

Loolu moo tax war nañu jël ay matuwaay yu wóor ngir aar kéew gi. Loolu rekk a mën a tax nu defaral xale ak ndaw ñi seen ëllëg.

Moo tax am na ay tegtal yu ñu war a bàyyi xel te di leen jëfe.

Su dee sunu dëkkuwaay, moo xam néeg la, ëtt mbaa mbedd mi nuy jaar, nanu koy setal.

Nanuy moytu di tuur mbalit mi fu nu neex ak ndox yu tilim yi.



Aar kéew gi nu bokk, aar gàncax gi ak jëmbët garab, ñoo war a doon sunu yëngu-yëngu bés bu ne. Noonu lanu war a xame ni aar kéew gi wareefu kenn ku nekk ci nun la. Noonu itam la nekke wareefu Nguur gi ak askan wi. Su nu booloo takku, loolu dina mën a am. Doomu Aadama dafa mas a dëkk ak garab. Ci yenn gox yi ak diwaan yi, dund mënul am su gàncax amul. Dund bi, yëngu-yënguy koom yi, safara si, pajum yenn feebar yi, ñax mi nuy xadde, lépp a ngi ruuse ci àll bi. Matt mi ñuy togge ci àllu diwaan yi lañu koy wute. Loolu lépp mënul sotti su garab amul. Ay junniy-junniy nit, seen dund a ngi aju ci meññeef miy jóge ci àll bi. Am na ñeneen ñu sakkan ñu seen dund, seen wér-gu-yaram aju ci liy gén ci kéew gi. Ñeeneen ñi ca lañuy liggeey lu leen di jural koom. Am na itam ñoo xam ni seen paj, bant yi ñuy defare seen dëkkuwaay, lépp ci garabi àll bi lañu koy ame.

Ci àdduna sépp, isin yi, dañuy jëfandikoo lépp luy jóge ci gàncax gi. Loolu bokk na ci liy tax ndaw ñi am liggeey yu baax.

Ci jamono jii ñàkkum xëy dafa gën a tar, moo tax nu war a gën a aar kéew gi



Yàq gi ñuy amal ci gàncax gi ñèpp la naqari. Terewul ñu ngi wéy di yàq garab yi, ci àdduna wërngal këpp. Tilim ji, saxaar su bari dafay lor garab yi. Jëfandikoo bu ëpp bi itam dina tax ba garab gën a ñàkk. Tooke jiy bàyyikoo ci isin yu bari yi dafay rax ngelaw li ci jaww ji. Limu garab yiy wàññee ku tax na ba bekkoo bi bari. Ngorum garab mi, lu ñu ràññee la ci yàqute àll bi. Ay junni junniy garab ñu ngi dem ba kenn gisatu leen ci àll bi.

Jamono jii, seetlu nañu ay jafe-jafe yu jump yu ñu war a saafara. War nañoo xalaat nu ñuy def ba loolu wàññee ku. Matuwaay yooyu, dañoo war a méngoo ak jëfin yi.

Matuwaay yooyu, ñépp a ko war a jëfe. War nañu cee ràññee Kureeli askan wi ak yu waa Nguur gi ndax moomeelu ñépp la.

Gàncax, alalu wurus la. Bu ñu ko ñàkke, dina indi jafe-jafe ci sunu dund. Moo tax aar kéew gi ku nekk am nga ci ay sas.

Laaj yi

- 1 Yan matuwaay lañu war a jël ngir xeex daay ?
- 2 Lan moo indi ñàkkum garab yi ? Lan lay jur ?
- 3 Lan la Senegaal ak réew yi séq dexu Senegaal tëral ngir aar mbey mi ?
- 4 Limal fukki béreb yu ñu aar ngir njariñu kéew gi ?
- 5 Lu tax kéew gi ñu war koo sàmm ?

Sàrt yi



Sàrt yi



Bésub tey, la àddina sépp di sargal wàllu kaarànge ak aar kéew gi. Kilifa gu mag gi boot daara yi ci Kawlax woote na ndaje ngir waxtaane tilim-tilim yi ci jaww ji. Ci njiital Espektëer yi ak genn kilifa ci Nguur gi, ndaje maa nga ame woon ca benn ekool bu mag. Përye nañu ca meeru dëkk bi, kilifa aada yi, elew ya ca ekool yépp. Woo nañu ca it askan wi ngir ñépp bokk tëral ay pexey fàggü ngelaw yu baaxul yi. Lu ni mel mooy tilimal jaww ji te di jural askan wi ay jàngoro yu bon. Muse Sow waxtaankat bi, jëkk naa nuyu kilifa yi fa teew ak mbooloo mi. Sargal na njiitu ekool yi, jàngalekat yi ak elew yi. Rafetlu na liggeeyu yeete bi ñuy def ci lorànge yi mbalit mi di jural askan wi. Waxaat na ci solo ndaje bi, àrtu ci musiba yi saxaar su bon si di def ci jaww ji. Ci lorànge yi, tudd na ci tàngoor wu metti, feebaru sëqët ak lépp luy jur jàngoro. Saxar soosu, mu ngi jóge ci oto yi, daay yi ñuy lakk ci àll bi ak saxar siy bawoo ci isin yi. Santaane na fàggü te xeex lépp luy indi tilim-tilim yooyu. Woo na meer yi ak askan ci ñu gën a dugal seen loxo ci liggeeyu yeete bi. Mu teg ci xamal leen ni, Nguur gi jël na ay sàrt yu jëm ci kéew gi, yuy joxe tëralinu saytu lépp lu jëm ci kéew gi. Kot bi, aw yoon la wu ñu tëral ci ay digle ak i téere. Su nu ko moyee, ay daan dal ci sunu kow . Ràññee nañu ci mattuwaayi lépp luy xeex luy tilimal ngelaw li, ndox mi ak gàncax gi.



Ba ndaje ma jexee, Muse Aliw Sow yégle na ab jonante bu muy amal ci fan yu néew. Wax na ñu yaatal ko ngir elewi ekool yépp bokk ci. Solo si, mu ngi aju ci xamle li kotu kéew bi tëral ci wàllu caytug mbalit, rawatina mbuusu palastig yi. Li muy sant elew yi mooy : ñu mbind ab taalif walla ab jukki, walla nataalub luy jëmmal kaarànge dëkkuwaay yi ci xeex tilim-tilim yi. Ci kaw dëggal li ñuy jàng ci cet ci biir ekool yi. Ba ñu noppee ci jonante bi, dajewaata nañu ngir neexal ndongo yi ràññeeke ndax seen xareñ. Wax na kureel yi ñu samp ci ekool yépp, ñu tudde leen gornamañi ekool yi. Rafetlu na pasteef bi elew yi nettalee seen yëngu-yëngu ngir jëmbët ay garab. Fàttewul it matukaay yi ñu tudd ngir xeex lépp luy tilimal. Wax na ci caytug mbalit mi ak lorànge gi muy jural askan wi.

Gërëm na jàngalekat yi ci ni ñu tàggate elew yi ba ñu xam li leen war ci seen dëkkuwaay. Fésal na bëgg-bëggi Nguuru Senegaal gi tëral yoon wiy aar kéew gi. Xamal na mbooloo mi li tëralin wi kot bi samp ci caytug mbalit mi. Tere na ku liggeey yenn xeeti mbuus yi ci biir réew mi, walla nga di ko jëggaani bitim réew. Tere na ñuy jëfandikoo yenn xeeti mbuus yi ak defukaay yu ni mel. Wax na mbalit yi baaxul ci mala yi ndax su ñu ko lekkee mën na leen a rey. Yàgg bi mbuus yooyu di yàgg ci suuf si, dafa koy yàq ba ndox mi du seeyati. Mbuus yi mën nañu tere gàncax gi naat. Duñu gaw a yàqu moo tax kot bi tere leen. Bari na fu ñu leen di gis ci dëkkuwaay yi ba tax ñu bokk ci liy indi ay jafe-jafe yu tar bay yàq sunu kéew gi



Ba ndaje ma jeexee, elew yu bari ay xél lañu ñibee seen kër, foo tollu di dégg ay yuuxu. Yoon yi oto yi di aw dafa galan wi jëm ci ekool bi. Benn oto bu mag moo fé! benn xale bu doon jéggi tali bi. Xale bu jigeen la bu bokk ci elewi ekool bi. Ba Kilifa ya àggee ca béreb ba, woo nañu polise yi ak pompiye yi. Ambilaas bi ñëw na ngir yóbbu ko ca lopitaal ba ñu faj ko. Muse Njaay, di kilifa ca ekool ba daldi laaj elew yi : « Ndax xam ngeen ni yoon wiy saytu doxalinu xàll yi am na ? » Elew yu bari waxandoo ni xam nanu ko. Li ko tax a jóg mooy digle ni ñuy doxale dem bi ak dikk bi. Su nu ko jëfee, ñépp mucc ci jéyya yiy am ci tali bi.

Mu laaj leen naka lañuy def, su nu béggee jéggi tali ?

Sàmba ni ko : « Jàng nanu ni, balaa nuy jéggi, danoo war a jëkk a taxaw, xool sunu càmmooñ ak sunu ndeyjoor. Nu jaar ci rëddi galan yu weex yi tey moytu di daw bu nuy jéggi. Su nu jéggee ba noppi, nu dox ci torotuwaar bi. »

Muse Njaay, laajaat leen : « Yan màndarga ñoo nuy tegtal ni nuy war a jéggee tali ? »

Beneen elew tontu ko ni : « Ci rëdd yu weex yi ñu laso ci kaw tali bi. Am na it ay àlluwa yu taxaw yu dawalkati oto yi ak ñiy dox war a bàyyi xel. »

Seynabu Wàdd dolli ci ne : « War nanuy moytu gén ci ekool walla ci kër di daw di jéggi ab tali. »

Kilifa gi gërëm elew yi ci seen xàmmee ak ràññee li kotdalaarut bi digle.



Ci xàll yu mag yi, aksidan yi dañuy faral di bari. Ci ndigalu Góornoor bi, njiitu kureel giy saytu dem bi ak dikk bi, jël na ci ay dogal. Bëgg na ñu yokk kaarànge elew yi ak askan wi ci gox bi. Ngir ñu xeex jéyya yiy am ci yoon yi, samp na ay kureel yuy yee askan wi ci tolof-tolof yi. Jokkoo na ci ak taskati xibaar yi, bindkati surnaal yi, rajo yi ak tele yi. Yegge na nit ñi pexe yi ñu jël ngir ñu sàmmoonte ak li kot bi digle su nu bëggee mucc ci jéyya yu bari yi. Fàttali na dawalkati oto yi ñuy jëfe li àlluwa gindikaay yi digle. Moo tax dinañu tabax ay pakk yuy tax ba dawalkat yi di wàññi xél yi. Pakk yooyu ak nataal yay artu dinañu tax kuy dugg ci dëkk bi teggi sa tànk. Ca nataal yooyu, di ngeen ca gis yuy wone gone yuy jéggi tali ngir ñu bàyyi leen xel. Jàngalekat yi, dinañu leen tàggat ci sàrti yoon yi ngir ñu gën a yee elew yi.

Ekool yi dinañu jot ay téere ci wàllu kaarànge ci yoon yi, yeete ak soppi jikko yi. Dinañu amal ay waxtaan ak wayjuri xale yi ngir ñu gën a sàmm seen njaboot ci nu ñuy jéggee yoon yi. Dinañu leen wonaale xeeti àlluwa ak rëdd-rëdd yiy màndargaal sàrti kot bi. Bés bu nekk, dina am nit ñu faatu ci yoon yi, moo tax nu war a jël ay pexe ngir loolu dakk. Moo tax kilifa yi war a xoolaat anam yi ñuy joxee permib dawalkat, rawatina ni ñuy tàggate ñi bëgg a dawal.



Ni ay sàrt amee ci ni ñuy jëfandikoo yoon yi, la ame ci caytug àll bi. Xam nanu ci ñaari xeeti àll : foore yi taw bi saxal ak foore yi nit ñi jëmbët. Bu jëkk, Nguur gi moo amoon sañ-sañu dogal ak tëral ay sàrt jëm ci saytu koomu foore yi. Njariñ li ci nekk moo waral mu taxaw ci aar ak sàmm àll bi. Looloo tax a jóg kotu foore bi. Tey, Nguur gi, dénk na kureeli gox yi yenn ci caytug foore yi ak alal ji ciy jóge. Kot bi lal na tëralin wiy tënk lépp lu jëm ci jariñoo ak jëfandikoo foore yi. Kureelu gox yooyu, ci njiital meer yi, ñoo am sañ-sañu samp tëralin wi ñuy jëfe. Waaye dogal yu ñu mën di jël ci seen foore, waruñoo wuute ak ya Nguur gi samp. War nañu leen méngale ak tëralin wi Nguur gi nangu. Bépp way-jëfandikoo foore ak alal ji cay jóge ci wàllu njaay, war na fàggandiku ñaar yii :

- Fàww meeri gox bi joxe ndigal.

- Fàww nga am permi bi sarwiis biy saytu àll bi di joxe.

Képp kuy jariñoo ngorum garab yi maanaam di ci jaay, war ngaa fey juuti ak lempo. Koppar yooyu la Nguur gi di dajale ci nafaam ngir aar ak sàmm foore yi.

Meer yi ci gox yi ak goxaat yi, war nañu ci gën a boole seen askan ngir ñu dugal ci seen i loxo.



Ngorum garab, njaayum këriñ, seen dencukaay ak ni ñu koy yóbbóo ci ay sàrt lañu tegu. Kotu foore bi taxawal na ay pexe yu ñuy sàmmoonte ak di ko jëfe. Bépp am-am bu jóge ci àll bi, su amul kayit, Nguur gi am na sañ-sañ teg ci loxo. Nguur gi am na ay foore yu muy aaral boppam. Foore yooyu, mayul kenn mu di leen laal. Naka noonu, am na xeetu garab yu kenn dul gor ndax kot bi dafa ko tere. Képp kuy sàcc di gor àll bi, su ñu la jàppee, dinañu la teg ay daan, ba ci sax tëj la kaso. Ngorum àll bi ak jëfandikoo meññeef yi dafa am yoon. Am na àll yu ñuy tere ku ko gor. Yoon may na meeri gox yi ay sañ-sañ ci mbir moomu. Su ñu jëlul ay matukaay, àll bépp dina jeex ndax ngor mu jéggi dayo. Ñiy liggeey ci këriñ gi, dañuy wut xalis, waaye dafa war a tegu ci li yoon tëral.

Ngorum bant, jariño meññeef yi ci àll bi ak njaayum këriñ mi, dafa laaj nit ki am kayit. Aar garab yi ak gàncax gi, warugar la ci Nguur gi. Moo tax ñu war a weg kotu foore bi ngir aar alal ji fay jóge te mu nekk lu sax te yàgg. Sàmm àll bi, du lu yomb ci Nguur gi ndax njariñ li ci nekk te ñépp yittewoo ko. Ngir ñu ñonjal àll bi ak alal ji ciy jóge, kotu foore bi boole na askan wi ci caytu gi.



Aar wér-gu-yaramu nit ñi ak saytu cellalug gox yi ak gox-goxaan yi, am na solo lool. Mbalitu kër yi ak dëkkuwaay yi dinañu jur cetadi. Jàngoro yi mbalit mi di dugal ci biir askan wi, mo waral Nguur gi jëmmal kotu cet gi. Ci peggu cet gi ak pexey gatandu caytug wér-gu-yaram, war nanu ràññee ñaari mbir : bi ci jëkk mooy cetug nit, bi ci topp di cetug mbooloo. Nit ki su setee te li ko wër ak ñi ko wër setuñu, cet googu du ko amal njariñ. Sellal gi war ci mbalitu kër yi, dafa war a tegu ci doxalin wu am kenu. Moo waral kot bi tëral ay pàgguteef ngir aar lépp luy jural askan wi lorànge. Mépp mbalitu dëkkuwaay yi, war nañu ko denc ci ay defukaay yu jaar yoon. Kot bi tere na ku dajale mbalit ci biir walla ci gannaaw kër yi. Tere na it ñu boole ay gannaaw-kër, am saw ak mbalitu kër yi. Bu ci nekk, dafa laaj ñu ber ko gannaaw bu ñu leen tannée, tànn ba ca war.

Digaluñu kenn mu sànni mbalit ci mbedd mi. Ndox mu tilim, kenn waru ko tuur ci yoon yi. Saytukati Nguur gi jóg nañu ngir yeete ci cet ak ci nekin ngir ñépp dund te ànd ak wér. Képp ku ñu fekk ci naka su dul noonu, dinañu la teg ay daan. Digal nañu askan wi mu bañ a gállankoor liggeeyu ndawul cet yi ci biir kër yi. Bu ndawul Nguur gi di setal ak a sellal, di puudar yoo yi, di dàq jinax yi ak kaña yi ci biir kër yi, nañu leen dalal.



Kotu cet gi, am na ay matuwaay jëm ci lekk gi askan wi di jariño. Ñam wu setul dina indi tooke, su boobaa, jàngoro yu bon yi dugg ci askan wi. Sarwiis biy saytu cet, dinay nemmeeku bérebu jaayukaayu lekk yi. Isin yi ñuy defare ay ñam ak fa ñu koy jaayee, war nañu sàmmoonte ak sàrti cet ak cellal. War nañu leen tàggat ci ni ñuy toppatoo béreb ya ñuy defare ak ya ñuy jaaye ñam ya ba du am tilim-tilim yu leen mën a yàq.

Digle nañu, ñu yaatal béreb yooyu ba ngelaw lu baax di féexal ñam yi, teg ca làq leen fu amul naaj. Jumtukaay yi ñuy yóbbboo lekk yi war nañu leen di seet bu baax ndax set nañu ngir aar ñam wi. Caytug njaayum yàpp ak ñam ya cay soqikoo, dafa war a tegu ci sàrt yu wér. Kenn warul jaaye feneen yàpp fu dul ci mårse yi, ca buuse ya ak béreb yu ni mel. Fajkati jur gi ñu naan leen witirineer, sant nañu leen ñu càmbaar wépp yàpp laata ñu koy jaay. Li gën mooy, ñu denc yàpp wi fu sell, aar ko ci weñ yi ak xeetu tilim-tilim yi.

Lekk yi ñuy jaay ci mbedd mi, war nañu dëppoo ak sàrti kot bi. Tere nañu kuy jaay lekk di ko lal ci suuf. Nit ñiy defar lekk gu ñuy jaay, war nañu set ci seen yaram ak seen i yëre. Ku am jàngoro juy wàlle, tere nañu la nga liggeey. Moo tax ñu war a dem seeti doktor yenn saa yi ndax ñu am kayitu cell. Ku jaay ñam wu am tooke, su ñu la jàppee, teg la ay daan.



Njariñu ndox, kenn du ko nàttable ci dundug askan wi. Loolu la kilifay Nguur gi xam ba tax ñu jox ko solo. Ñàkk am ndox, njàmbat lu réy la ci réew mi, rawatina su dee jamonoy bekkoo. Mbey mi ak càmm gi gàllankooru nañu ci diwaan yu bari ngir jafe-jafe ci ndox. Ngir faj coono yi nit ñi di jàankoonteel, Nguur gi taxawal na kot bu jëm ci ndox mi. Li ko tax a jóg mooy yokk kaarànge, sellal, xeex tilimal ak yàq ndox. Kot bi dëggal na ni ndox mi, moomeelu askan wi la. Waaye laata ñu koy jariñoo, fàww ñu am ci ndigal. Kot bi fésal na bu baax solos nemmeeku bi ndawul njëwriñu ndox mi war a amal ndax mu sell. Kot bi wone na bu baax ni toppatoo li askan wi soxla ci ndox ngir dundam, moo ci ëpp solo. Moo tax kot bi digle ni képp kuy joxe ndox war na fexe mu set te sell. Tere nañu jëfandikoo ndox mu setul, sellul. Ràññee nañu ca ndox mi jëm ci togg gi, walla miy ànd ci yenn xeeti ñam yi. Liggeeykati galaas, jaaykati ndox yi ci ay mbuus ak buwaason, yépp bokk nañu ci yi ñu tere. Digal nañu leen ñu sàmmoonte ak li kot bi santaane. Lu ko moy, ñiy saytu ak di nemmeeku cet ak cellug ndox mi dinañu leen teg ci yoon.



Li askan wi sooxla ci ndox ngir lu mu dunde jafe na ñu matale ko. Waaye Nguur gi mu ngi liggeey ngir faj jafe-jafe yi. Ci dëkki taax yi, nit ñu bari jot nañu ci ndox mu sell doonte dañu koy jënd. Waaye li ëpp ci waa kaw gi jotaguñu ci ndox mu sell mi. Teen yi ñuy gas ak ndoxum déeg yi ñuy dundee daf leen di jural ay coono. Saytukat yi mën nañu tere ndoxu teen yi bu sellul. Seen boroom war nañu jël matuwaay yi ngir toppatoo ndox mi. Nañu ko aar ba tilim-tilim yi bañ koo yàq. Cetadi ndox yooyu ñuy jariñoo dafay jur ay jàngoro. Kon ndox yi nit ñi di dunde war nañoo méngoo ak li war. Kot bi digle ñuy saytu léeg-léeg ngëneelu ndox mi ñuy séddale ci dëkku taax yi. Li ko waral mooy dund gu sell fàww mu ànd ak ndox mu sell. Moo tax kot bi santaane ñu jox bopp séddale ndox mi ci fexe matale ko fépp ak ci ñépp. Su booba, ñu gëstu jëfandikoo yi aju ci mbey mi, càmm gi ak yeneen xeetu yëngu-yëngu ci fànn yi. Saytukat yi war a taxawe ñu jëfe dogal yi, dinañu ko nemmeeku fépp. Képp ku jalgati yii tëralin, yoon dina dal sa kaw ak ay daan.

Laaj yi

- 1 Nan la yoon wiy saytu ak di aar kéew gi tudd ?
- 2 Lan moo waral aksidaŋ yu bari yi ci yoon yi ?
- 3 Lan lanu war a def su nu béggee sunu diwaan yi set ?
- 4 Lu tax nu war a sàmm te bañ a yàq sunu àll yi ?

